өзи жарататуғынын ҳәм онын қандай да бир мәнисте жасалма түрде пайда болатуғынлығын айтып өткен болса, бундай көзқарасларды шайыр қосық қатарларында да ушыратамыз. Ибрайым Юсуповтың этикалық көзқарасларына тийисли болған бир қатар мәселелерге айрықша тоқталып өтемиз. Шайыр өткен ески аўқам дәўирин төмендегише тәриплейди. «Адам мисли машина механизми яки машина шүйи сыпатында алып қаралған» деп жазады. Адамның индивидуаль бир-бирине уқсамайтуғын өзине тән өзгешеликлерине итибар қаратылмағанлығын баянлайды [2].

Адам дүньядағы ең қымбат баҳалы жаратылыс сыпатында алып қаралыўы зәрүр екенлигин айтады. Шайырдың «Адам тастан қатты, гүлден нәзик» қосығында адамның индивидуаль қәсийети ҳаққында айтылған. Адамға - тәбият жаратқан ең уллы қүдиретли күш сыпатында тәрип береди. Шайыр адамларға төмендегише тәрип береди.

Адамлар өз өмири даўамында бир-бирин ҳүрмет етиўи, меҳир көрсетиўи, ғамхорлық етиўин айтып «адам адамның қуяшы» деп келтиреди. Онның «Бир адамды бир адам» қосығында төмендеги қатарларды көремиз.

«Нәпсин тыйып нан берер
Тамырынан қан берер,
Керегинде жан берер,
Бир адамға бир адам»

деп адамды улығлап оның бул искерлиги саўаплы екенлигин айтып төмендеги қатарларды келтиреди:

«Ишип мийрим касасын,
Тас жүреклер босасын,
Бәрҳама сүйип жасасын,
Бир адамды бир адам»

деп адамның қәдир-қымбатын адам менен белгилениўин айтады. Адам дүньяда жасар екен, ол дос-яранларына ҳәм басқа адамларға да жәрдем бериўи керек екенлигин айтады. Адам өмири жәмийет, тәбият пенен үзликсиз байланыслы екенлигин айтып, диалектикалық байланыслардың бар екенлигин өз қосықларында жазады. Бул қосықларын анализлесек, терең философия ҳәм терең этикалық нормалардың бар екенлигин көремиз. Ибрайым Юсуповтың этикалық көзқарасларының өзине тән тәреплери соннан ибарат, адам көринисин өзи жаратады деген идеяны илгери сүреди.

Соның менен бирге шайыр өзиниң көплеген қосықларында адамның руўхый дүньясына итибар қаратып, адамның инсаныйлық ҳаққындағы идеяларын өзинде сәўлелендириў зәрүр деп есаплайды. Шайырдың төмендеги қосық қатарларында инсаныйлық идеялары жүдә усталық пенен сүўретленеди.

Жақсы адамларға жолыққан күни
Уйқың пүтин болар, ўақтың хош болар,
Кеўлиң көтериңки илхам-йош болар,
Жақсы адамларға жолыққан күни. [4]

Бул қосық қатарларында шайыр адамгершилик ҳәм гуманизм идеясын сүўретлеп, адам өз өмири даўамында адамларға ҳүрмет көзи менен қараў зәрүр екенлигин, гуманизм идеялары менен жасаў жүдә әҳмийетли екенлиги ҳаққында айтады. Себеби бул дүнья бир тегис жолдан жаратылмағанлығы, бул өткинши дүньяда жасап атырған жаман иллетли адамлар да бар екенлигин сүўретлеп берген. Мине, усындай жаман иллетли адамлар жақсы адамларды жолдан адастырып оларды өз пайдасы, өз нәпси жолында пайдаланып киятырғаны ҳәм бул ис-ҳәрекетлер надурыс екенлигин философиялық тәрептен түсиндирип бериўге ҳәрекет еткен.

Шайыр бундай жаман иллетли адамлар екинши бир адам өмирин регреске алып келиўи мүмкин деп бундай жаман иллетли адамларға да бағышлап қосықлар жазған. Мәселен:

Дүнья аз ўақтында бәрине жетер
Инсап пақыр азға қанаат етер,
Дүнья болған сайын нәпси деген ийт,
Шынжырын жулқылап қутырып кетер. [3]

деген қосығында адамның нәпси ең биринши душпаны екенлиги ҳаққында сүўретленген. И.Юсуповтың этикалық көзқарасларын анализ етер екенбиз, бул бойынша академик Жуманазар Базарбаевтың терең анализине сүйенемиз. Оның бир қатар илимий ислеринде адам, жәмийет, гөззаллық, морал ҳәм мораллық көзқараслардың теориясына тийисли тийкарлы мағлыўматларды алыўымызға болады. Академик Жуманазар Базарбаев И.Юсупов шығармаларындағы этикалық көзқараслары ҳаққында анализ етер екен, ең алды менен адам ҳәм оның өмири, адам моделине қандай сапаны киргизиў керек деген мәселеге дыққатын қаратты. Тийкарынан И.Юсупов көзқарасларында әдеп ҳәм адам нәпси ҳаққында көплеген теориялық мағлыўматларды алыўымызға болады. Бул билимлер болса адамның әдепли, билимли ҳәм жақсы жасаўы ушын методологиялық бағдар болып хызмет қылады. Жуўмақластырып айтқанда адам жәмийетте жасар екен, ол өз өмири даўамында барлық факторларды итибарға алыўы зәрүр. Соның менен бирге шайыр ҳәм жазыўшылардың орнын аңлаў, көркем образлы дүньяны сүўретлеўдиң өзине тән тәреплерин аңлай алыў қәбилетин пайда етиў ең әҳмийетли тәрепи есапланады. Сол себепли әдебият адамлар өмиринде айрықша орынға ийе деп айтыўға толығы менен ҳақылымыз. Этикалық көзқарасларды кең жәмәәтшиликке сиңдириўде әдебият зәрүр әҳмийетке ийе. Себеби, әдебият адам руўхыйлығының ажыралмас бөлеги сыпатында өмир сүреди.

**Әдебиятлар**

1. Базарбаев Ж. Даналығы гөззаллыққа уласқан шайыр. (Әдебий-философиялық ойлар). -Нөкис: «Билим», 2008.
2. Юсупов И. Таңламалы шығармалары II том. -Н.: «Билим», 2018. 69-70-б.
3. Юсупов И. Таңламалы шығармалары. I-II-III том. -Н.: «Билим», 2018.
4. Каримов К. И.Юсупов Таңламалы шығармалары II том. 174-б.

**РЕЗЮМЕ**

Мақолада гуманизм, фалсафий, этик қарашлар ўрганилиб, унинг мазмуни категориал анализ қилинган. И.Юсуповнинг асарларида гуманизм, маънавий, эстетик ғояларга берилган тушунчалар ва уларнинг аҳамияти ҳақида чуқур тушунтирилган.

**РЕЗЮМЕ**

Статья посвящается анализу гуманистических идей в философско-этическом аспекте, в произведениях известного каракалпакского поэта И.Юсупова. В работе приводятся примеры из произведений поэта, анализируются гуманистические, духовные и эстетические идеи и их общечеловеческое значение.

**SUMMARY**

The article is devoted to the analysis of humanistic ideas in the philosophical-ethic aspect in the works of the famous Karakalpak poet in I.Yusupov. There are examples from the works of the poet and the author analyzes humanistic, spiritual and aesthetic ideas, their humanistic importance.

## ЖАСЛАР МИЛЛИЙ МЕНТАЛИТЕТИН ҚӘЛИПЛЕСТИРИЎДЕ ХАЛЫҚ ДАНАЛЫҒЫНАН ПАЙДАЛАНЫЎ – ФИЛОСОФИЯЛЫҚ ТӘРБИЯНЫҢ ТИЙКАРЫ

**Ж.У.Усенов** – *үлкен оқытыўшы*

*Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты*

**Таянч сўзлар:** халқ, тарих, миллий қадрият, дастур, этногенез, миллий менталитет, диний урф-одат, глобаллашув, адабиёт, бадиий адабиёт, адабий мерос, достон, хулқ-атвор, менталитет, характер.

**Ключевые слова:** фольклор, история, национальные ценности, традиция, этногенез, национальный менталитет, религиозная традиция, глобализация, литература, художественная литература, литературное наследие, дастан, поведенческие установки, менталитет, умственные способности, характер.

**Key words:** folklore, history, national values, tradition, ethnogenesis, national mentality, religious tradition, globalization, literature, artistic literature, literary heritage, epos, behavioral attitudes, mental abilities, character.

Ҳәзирги ўақытта дүньяда болып атырған глобалласыў процесслери инсаниятты қатты тәшўийшке салмақта. Адамзат жәмийетиниң алдына социаллық сананы қәлиплестириў, адамлардың психологиясын, ой-

пикирин өзгертиў арқалы жәмийетлик турмысты сапа жағынан жоқары басқышқа көтериў сыяқлы жуўапкерли ўазыйпаларды қойды. Сол себепли соңғы он жыллықта жәмийет ағзаларының ментал өзгешеликлерин үйрениўге болған қызығыўшылық кем-кемнен артып бармақта.

Бүгинги күнде мәмлекетимизде жоқары дәрежеде алып барылып атырған өзгерислер жәмийет басқарыўын демократияластырыў, мәмлекетти тең ҳуқықлы пуқаралық жәмийетке айландырыў, әсиресе жаслардың ой-пикир дәрежесин, ақыл-парасатын ҳәм руўхый потенциалын жүдә бир қурамалы феномен сыпатында қараўды, объектив түрде анализлеўди талап етеди. Бундай жаңаша талқылаў усылы жәмийетлик турмысты жаңадан қурыў бағдарында жаслардың миллий менталитети менен есапласыў зәрүрлигин келтирип шығарады.

Менталитет – халықтың ой-пикир дәрежеси, руўхый потенциалы, ақыл-парасаты, миллий характери, миллий өзлигин көрсететуғын белгилери болатуғын болса, ал жаслардың миллий менталитети – миллет келешегиниң жүзи ҳәм келбети. Демек, миллеттиң ертеңги күни жасларымыздың миллий менталитетиниң қай дәрежеде қәлиплескенине байланыслы болады. Егер жаслардың миллий менталитети күшли ҳәм беккем болса, онда бундай миллеттиң келешеги жарқын болады, ал егер жаслардың миллий менталитет дәрежеси пәс ҳәм әззи болса, онда бундай миллеттиң келешеги жоқ. Сонлықтан, жәмийет жаслардың миллий менталитетин қәлиплестириўге дыққат қаратыўы керек. Бүгинги күнде Өзбекстанда жаслар мәселесиниң мәмлекетлик сиясат дәрежесине көтерилиўи де мине, усындай уллы мақсетлерди гөзлеген ҳалда әмелге асырылып атыр. Сонлықтан, жасларымыздың миллий менталитетин ҳәзирги заман нәпеси менен уйғын ҳалда қәлиплестириў, миллий менталитетимиздеги өтмиштен сарқыт болып қалған айырым унамсыз иллетлерден, атап айтқанда, перзентлеримиздиң өзиниң күшине, билимине, имканиятына исенбей, биреўге ийек артып жасаў, мәселен, «ағам барда, арқам тамда» [2:99] деп, үлкен лаўазымда ислейтуғын әкеси яки ағайининиң жәрдеминен пайдаланыў, солай етип, «таярға ҳайяр болып», «алма пис, аўзыма түс» дегенге уқсаған жарамсыз психологиядан биротала қутылыў, оның орнына жасларымыздың миллий менталитетине өз билими, өз күшине исенип жасаўды сиңдириў арқалы өз «мен»ине ийе болған кәмил жасларды тәрбиялаў, олардың қәлбине мәмлекетлик, улыўма халықлық мәпке жуўапкершилик, пидайылық, жанкүйерлик пенен қараў сыяқлы жағымлы туйғыларды алып кириўимиз лазым. Усы бағдарда жасларымыздың миллий менталитетин қәлиплестириўдиң тийимли усылларының бири-бул халық даналығы, халық аўызеки дөретиўшилиги десек қәтелеспеймиз. Қарақалпақ халқы әзелден аўызеки дөретпелерге бай халықлардың бири болып, олар өз перзентлерин нақыл-мақаллар, ҳикметли сөзлер, жумбақлар, жаңылтпашлар, аңыз-әпсаналар, рәўиятлар, ертеклер, дәстанлар арқалы тәрбиялап миллий өзлигине садық инсанлар сыпатында кәмалға келтирген. Ата-бабаларымыз тәрепинен қолланылған мине, усындай философиялық тәрбияны бүгинги күнде де жасларымыздың миллий менталитетин қәлиплестириў ушын пайдалансақ ақылға муўапық ис болады. Себеби, халық даналығы – жаслар миллий менталитетиниң тырнағы. Миллий өзликти аңлаў, өз халқының миллий үрп-әдет, дәстүрлерин билиў ҳәм булар менен мақтаныў – халықтың аўызеки дөретпелерине сиңдирилген философиялық ой-пикирлерден басланады. Өткендегилерден бизге мийрас болып қалған миллий тәрбия – жаслардың жаны болып, халық даналығында:

Ойланып-билип бабалар,
Сөзди дүрге теңгерген,
Ойланып айтқан ҳәр сөзин,
Ойлама кем деп гәўҳардан,-деп айтылған. [2:89]

Усы көзқарастан ата-бабаларымыздың өз перзентлерин мынадай үш сөз бенен-ақ тәрбиялағаны бизди таң қалдырады. Бул сөзлер: «уят болады», «жаман болады», «обал болады» [3]. «Уят болады» дегени – уят өлимнен де күшли болып, «уяттың үстинде тәнимдеги жаным менен ар-намысым турады», дегени. Сонлықтан, дана халқымыз «жер жарылмады, мен кирмедим» деп нақыл-мақалларды келтирген.

«Жаман болады» дегени – «жаманлықтан аўлақ жүр!», «жаманнан қаш, жақсыға жантас» [2:154], «жақсы сөз жан азығы, жаман сөз жан қазығы», соның ушын, «жақсының шарапаты, жаманның кесапаты тийеди», дегени. Халқымыз бала тәрбиясында жүдә абайлы болып, ҳәттеки перзентлерине ашыўы келип турса да, оларды жаман сөзлер менен ғарғамай, кеўлине тийместен жақсы сөз бенен, жақсы тилек пенен кейиген. Мәселен, «ҳә, көп жасағыр!», «ҳә, өзинен көбейгир!», «ҳә, жети ғәзийнеге тап болғыр!» ҳәм т.б. сөзлерди айтып, қайта жасларды уллы ислерге қарай бағдарлаған. Усының нәтийжесинде «жақсы сөзге жан семирип», олардың шырайлы тилеклер менен орап айтылған кейислери Аллатаала дәргайында қабыл болып, балалары бахытлы, бағ-дәўлетли, көп перзентли болған, узақ өмир көрген. Илимпазлардың айтыўына қарағанда, сөзлерде кәрамат болып, адам аўзынан шыққан сөзге күн сайын жақынласып барады екен. Мениң бақлаўларым бойынша ҳәзирги ўақытта айырым ата-аналар балалары ашыўына тийетуғын ис қылса, оларды ғарғапсилеп «қыршынынан қыйылғыр», «жүўернемек қатқыр», «жер тартқыр», ямаса қызларын «бахты қара болғыр», «ҳә, қатын» деген жаман сөзлер менен бәләғатлап таслайды. Усының салдарынан, мениңше кейинги ўақытлары бундай ғарғыслардың жасларымызға кесири тийип кетип атырғандай түйиледи. Сонлықтан, ата-аналар жаслар тәрбиясында ата-бабаларымыздың жолын даўам еттирип, перзентлерин жақсы сөз бенен, жақсы дуўалар менен әлпешлеп, оларды жаман жолдан қайтарып, туўры жолға бағдар лаўы керек деп ойлайман.

«Обал болады» дегени – тәбияттағы ҳәмме нәрсениң сораўы бар, ҳәттеки суўдың да саўалы бар болып, сениң ушын ҳеш қандай қәдири жоқ нәрсени басқа адам таба алмай жүрген болыўы мүмкин, соның ушын ҳеш нәрсени заялама, артықша ҳеш зат жоқ, ҳәр бир нәрсениң қәдирин бил, ысырапгершиликке жол қойма, обал болады, обалы тутады, дегени.

Халқымыздың халық болып қәлиплесиўи әййемги ўақытлардағы урыў, қәўим бирлеспелерине барып тақалатуғын болғанлықтан олар әзелден жәмәәт болып жасаўға, қоңсы-қобашылыққа, урыў-аймақшылыққа, ағайинниң ары ушын ат салысыўға умтылып келген ҳәм ҳәзир де усындай миллий өзгешеликлерин сақлап келмекте. Бундай миллий менталитет белгилери халқымыздың аўызеки дөретиўшилигинде де өз сәўлесин тапқан. Мысалы, қоңсы-қобашылық ҳаққында: «Аталастың аты озғанша, аўылластың тайы озсын» [2:49], «Гилем сатсаң қоңсыңа сат, бир шетинде өзиң отырасаң» [2:76], «Жақсы қоңсыны сатып ал» [2:130], «Жақсы қоңсы жарасық», «Қоңсы болсаң қорған бол» [2:132], «Қоңсыны қозғама көширерсең, отты қозғама өширерсең» [2:140], «Қоңсы қоңсыдан тәлим алады» [2:140]; урыў-аймақшылық ҳәм ағайиншилик ҳаққында: «Төрт аяқлыда бота татыў, еки аяқлыда бөле татыў» [2:121], «Ғарға тамырлы қарақалпақ» [2:138], «Ағайин болсаң урыўлас, арымыз ушын даўлас» [2:193], «Урыўлы ел – уялы терек» [2:181], «Уў ишсең урыўың менен» [2:197] деген сыяқлы нақыл-мақаллар дөреткен. Егер усы даналық сөзлердиң маңызын шағып қарасақ, булардың аўызбиршиликти, турақлылықты сақлап киятырғанының үлкен пайдасы бар екенлигин көриўимизге болады. Егер жигит ер жетип үйленетуғын болса, өзине мүнәсип қыз таңлайды. Қыз бенен танысқанда оның урыўын сорайды. Не ушын? Себеби, урыўлық жақынлықтың нәсилге тәсири жоқары. Набада қыз жигиттиң урыўласы болып шықса, жигит ол қызға артықша сөз айтыўдан өзин тоқтатып, оны қарындасындай көрип, енди оған ағайиндей қатнаста болады. Халқымыздың миллий менталитетине тән болған бул

өзгешеликтиң нәтийжесинде мың жыллардан берли ата-бабаларымыз урпақтың саў-саламат өнип-өсиўин, қанның тазалығын, әўладтың ҳасыллығын көздиң қарашығындай сақлап келмекте. Демек, халқымыздың урыўлық қатнасы әўладтың келешегин ойлап ис тутқанын нағыз миллий тәрбия, узақты гөзлеп исленген даналық ис деп түсинип жаслардың санасына да сиңдирип барыў әҳмийетли ўазыйпа.

Ямаса халқымыздың миллий менталитетине тән болған әзелий миллий қәдирятларымыздан бири миймандослық. Бул ҳаққында халқымыз «Үйге қутлы қонақ келсе, қой егиз туўады» [2:127], «Ат болатуғын тай жылқыға үйир, адам болатуғын бала қонаққа үйир» [2:56], «Мийман атаңдай уллы» [2:140], «Келгенше қонақ уялады, келген соң қонақ жер уялады» [2:143], «Қонағын сыйлаған ел бай болады» [2:144], «Биреўдиң дузын ишсең, үйиңе кел де қазан, ошағыңды сазлай бер», «Қонақ келсе есиктен, ырысқалы кирер тесиктен» [2:130], «Қонақ келсе ет писер, ет писпесе бет писер» ҳәм т.б. нақыл-мақалларын дөреткен. Усы жерде кейинги нақылды талқыдан өткерип көрейик. Үйге қонақ келгенде бизиң халық дәстурханға барын шашып, қорадағы сойыслығын алып жуўырады. Қазанға гөш қайнатып ас береди. Егер қазанға салғандай гөши болмай қалса, қатты албырап, уяттан қызарып өзин қоярға жай таппайды. «Ет писпесе бет писер» дегени сол. Соймаға бир ешки малдан жақсырақ. (Бердақ). Демек, бул нақыл уят, ар-намыс пенен де байланыслы екен. Сондай-ақ, халқымызда «Тапқан биреўин, таппаған екеўин сояды» деген даналық сөз бар. Мал-ҳалы бар адам қорадағы шақлы биреўин соятуғыны түсиникли. Ал, маңлайға тиккен бир жанлығы бар адам қонақ келип қалса, қонаққа өзиниң жоқ-жуқалығын билдирмеў ушын, мал кетсе де арым кетпесин деген принцип пенен қорадағы буўаз малын сояды. Мине, бул халқымыздың миймандослығын, сақыйлығын, кең пейиллигин, мәртлигин көрсететуғын бирден-бир миллий өзгешелиги.

Миллий психология, миллий философия, миллий менталитет әййемги заманлардан баслап актуал мәселелерден есапланады. Зоорастризм дининиң жазба естелиги болған «Авесто»да Орайлық Азия халықларының минез-қулқы, үрп-әдетлери, дәстүрлери ҳәм характери архаик формада болса да сәўлеленген [2:239]. Қарақалпақ миллий ой-пикириниң қәлиплесиў тарийхында «Авесто», оның пайда болыўы ҳәм оның менен байланыслы тарийхый шахслар шежиреси үлкен тәрбиялық әҳмийетке ийе болған. Зардуштийликтен Шығыс философиясына, соның ишинде қарақалпақ миллий дүнья қарасына мийрас болып қалған айрықша сыпатлардың бири инсан еркинлиги, азатлығы, миллий өзлигин ўатан, туўған жер, өзине тийисли болған үлкениң азатлығы арқалы сезиниў туйғысы. Сондай-ақ, үш мың жылдан берли халқымызды, әсиресе жасларды қалыўсыз тәрбиялап киятырған «Авесто»да сәўлеленген *жақсы ой, жақсы сөз, жақсы ис* идеялары ҳәзирге шекем өзиниң әҳмийетин жоғалтпай, миллий тәрбияның, миллий менталитеттиң өзеги сыпатында қәдирленеди.

Жасларда миллий менталитет сезимин халық даналығы арқалы қәлиплестириў мәселеси еле де терең үйренетуғын мәселелердиң бири. Буны тек бир мақала шеңберинде жарытып бериў қыйын. Өйткени, бул жумыс заманагөй жаслар менталитети бойынша социологиялық изертлеў алып барыўды, оны терең анализлеўди талап етеди. Бабаларымыздан шынжырма-шынжыр өтип киятырған халық аўызеки дөретиўшилиги жасларды миллий менталитет руўхында тәрбиялаўда ең бай тәжирийбе мектеби бола алады.

Жасларымызды миллий менталитет руўхында тәрбиялаў миллетимиз келешегиниң беккем үстини ҳәм саўлатлы имараты болып, халық даналығы менен суўғарылған философиялық тәрбия оның беккем тийкарын қурайды. Ал өз гезегинде бундай беккем тырнақ үстине қурылған ҳәр қандай имараттың өмири бақый болады.

**Әдебиятлар**

1. Карим Т. По следам Авесты. –Ташкент: «Гафур Гулям», 2007, -С. 239. Махмудова Г.Т. Философская сущность Авесты. - Ташкент: «Санъат» 2010, - С. 253.
2. Қарақалпақ фольклоры. –Нөкис: «Қарақалпақстан», 1978.
3. Paziylet.uz.

**РЕЗЮМЕ**

Мақолада ёшларнинг миллий менталитетини шакиллантиришда халқ донолиги ўгитлари, оғзаки адабиёт намуналари, бадиий адабий меросларнинг ўрни ва аҳамияти алоҳида эканлиги келтириб ўтилган. Яна қорақалпоқ халқи тарихи ва миллий қадриятларини ўрганиш борасида янги вазифалар белгилаб берилган. Айникса, қорақалпоқ халқининг қадимги давлатчилиги урф-одат анъаналари, этник тарихи ва этногенезига алоқадор фикрлар билдирилган.

**РЕЗЮМЕ**

В статье показаны место и роль примеров народной мудрости, устного народного творчества и художественного литературного наследия в формировании национального менталитета у молодёжи. Ставятся новые задачи по изучению исторических и национальных ценностей каракалпакского народа. В статье приводятся мнения о традициях и обычаях, этнической истории и этногенеза древней государственности каракалпакского народа.

**SUMMARY**

In the article the author shows the place and role of wisdom, folklore and artistic literary heritage in the formation of national mentality of the youth. There are the new tasks to study the historical and national values of the Karakalpak people. The article also contains some important points of view about traditions and customs, ethnic history and ethnogenesis of the ancient statehood of the Karakalpak people. The article also contains some important points of view about traditions and customs, ethnic history and ethnogenesis of the ancient statehood of the Karakalpak people.

## Ruwqıylıq tiykarları

# ПУҚАРАЛЫҚ ЖӘМИЙЕТИ РАЎАЖЛАНЫЎЫНДА МИЛЛИЙ ҮРП-ӘДЕТ ҲӘМ ДӘСТҮРЛЕРДИҢ РОЛИ

**Г.Шернияз ова** - *сиясаттаныў илимлериниң кандидаты, доцент*
*Бердақ атындағы Қарақалпақ мәмлекетлик университети*

**Таянч сўзлар:** фуқаролик жамияти, ижтимоий муносабатлар, шахс, ижтимоий институтлар, зардуштийлик, миллий урф-одат, миллий тарбия.
**Ключевые слова:** гражданское общество, социальное отношение, личность, социальный институт, зороастризм, национальные обычаи и традиции, национальное воспитание.
**Key words:** civil society, social attitude, person, social institute, zoroastrizm, national customs and traditions, national education.

Мәлим болғанындай, 2018-жыл 4-май күни № ПФ-5430 санлы Өзбекстан Республикасы Президентиниң «Мәмлекетти демократиялық жаңалаў процесинде пуқаралық жәмийети институтларының ролин түпкиликли арттырыў ис-илажлары ҳаққында»ғы пәрманы қабыл етилген еди.

Пәрман менен Өзбекстанда пуқаралық жәмийети, оның ҳуқықый ҳәм институционаллық тийкарларын